Pou Piblikasyon Imedya: 05/05/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ $13 MILYON POU RANPLASE PON NAN KONTE GREENE LAN ANKOU

Yon Reprezantasyon Grafik Nouvo Pon an Disponib Isit la

Li Fè Pati Pwogram Empire Bridge $542 Milyon pou Rekonstwi Enfrastrikti Enpòtan Atravè New York yo

Jodi a, Andrew M. Cuomo te anonse travay yo deja kòmanse nan pwojè $13 milyon pou ranplase Prattsville Bridge la kote Route 23 a pase sou ti rivyè Schoharie Creek la nan Konte Greene. Pwojè $542 milyon an fè pati pwogram Empire Bridge (Pon Empire yo) Gouvènè Cuomo a, ki se yon eleman kle nan angajman New York pran pou l rekonstwi enfrastrikti enpòtan li yo.

“Atravè tout New York, nou ap rekonstwi enfrastrikti pou asire wout ak pon nou yo pi an sekirite, pi rezistan, epi pou yo kapab ede ankouraje kwasans alavni,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Ranplasman pon sa a nan yon zòn ki te sibi enpak Ouragan Irene lan, pral ede wout enpòtan sa a rete an bòn eta pandan anpil tan k ap vini ankò epi l ap kapab reziste tout sa Manman Lanati lage nan men nou.”

Prattsville Bridge ki pase sou tirivyè Schoharie Creek la, yo te konstwi l an 1927, Ouragan Irene an 2011 lan te lakoz domaj nan pon an epi yo te fèmen l tou pandan yo t ap fè lòt reparasyon ki pa gen rapò ak ouragan an depi an 2012. Yo pral konstwi nouvo pon an nan anplasman adjasan ak an aval pon ki la deja epi apeprè 4.5 pye pi wo pase l. Li pral pèmèt yon espas ouvèti ki pi laj anba pon an ki pral founi plis kapasite pou kenbe dlo pou prevni inondasyon alavni. Nouvo pon an pral gen band arè ijans ki pral pi laj epi li pral gen yon twotwa ladan. Y ap kòmanse fè kèk travay inisyal sou pon an nan fen ete sa a, men pifò travay la pral fèt an 2018 epi li pral fini an 2019.

Pwojè Prattsville Bridge la gen ladan tou ranplasman pon ki pi piti sou Route 23 ki pase sou tirivyè Huntersfield Creek la epi ranplase de kanivo Route 23 touprè Route 2 Konte Greene lan. Nan kad pwojè enfrastikti $17 milyon ki ankou nan rejyon an, yon envestisman $4.1 milyon pral ranplase pon Route 42 ki pase sou West Kill nan Vil Lexington lan ak pon Route 296 ki pase sou East Kill la nan Vil Jewett la.

Yo prevwa enstale fe siyalizasyon tanporè yo nan mwa sa a pou akomode sikilasyon pandan pwojè pou ranplase pon Route 23 ki pase sou tirivyè Huntersfield Creek touprè restoran Prattsville Diner a. Travay sou pon Huntersfield Creek lan pral fini avan fen ane sa a.

Nan Lexington, yo te enstale siyalizasyon ak retire pye bwa yo pou yo ka konstwi pon tanporè kote Route 42 a pase sou West Kill la. Konstriksyon apwòch tanporè pon yo te kòmanse. Yo prevwa pon tanporè a li menm pral an plas mwa jen an epi yo pral itilize l de konsè ak fe siyalizasyon yo pou liy sikilasyon altène yo ka pase sou li. Yo pral demoli pon ki egziste sou Route 42 a epi yo pral konstwi yon nouvo pon nan plas li, epi yo prevwa nouvo pon an pral ouvè pou sikilasyon nan fen ane sa a.

An 2018, yo pral kòmanse travay pou ranplasman pon Route 296 la ki pase sou East Kill nan Jewett la. Yo pral konstwi yon pon tanporè pou sikilasyon ka pase pandan konstriksyon an, yo pral ouvè nouvo pon Route 296 la nan fen ane 2018 la. Yo prevwa travay pou ranplase de kanivo sou Route 23 touprè Route 2 Konte a pral kòmanse nan mwa sa a, epi ap gen fe siyalizasyon tanporè pou kontwole sikilasyon.

Konsistan ak inisyativ 'Drivers First' (Chofè yo An Premye) Gouvènè Cuomo a, pwojè a te elabore pou kapab minimize enpak sou sikilasyon sou wout eksprès la.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation, NYS DOT), Matthew J. Driscoll te di, "Gouvènè Cuomo konprann lyen ki gen ant ekonomi solid ak enfrastrikti a, epi lè nou pran angajman pou nou ranplase pon sa yo, nou ap ede asire rezidan ak vizitè Konte Greene lan yo gen yon rezo transpò ki fyab, san danje epi ki ka pi byen reziste move tan ekstrèm yo."

Senatè George Amedore said, "Anpil zòn nan Konte Greene lan, ki gen ladan Prattsville tou, te devaste apre Ouragan Irene lan epi envestisman sa a fè pati efò k ap fèt pou rekonstwi ak modènize enfrastrikti nou gen atravè tout Konte a."

Manm Asanble Peter Lopez te di, "Sa a se yon anons enpòtan epi ki trè pèsonal pou biwo mwen an ak pou moun nan Konte Greene yo. Gouvènè Cuomo ak ekip li a kontinye montre angajman yo pran pou rann kay ak fanmi vin konplè ankò. Mwen kanpe an inite avèk li an favè sa k ap fèt la yo ak lòt efò enpòtan pou ranfòse kominote nou yo kont evènman tanpèt alavni."

Prezidan Konte Greene lan, Kevin Lewis te di, "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a ak NYS DOT paske yo te kontinye sipòte Vil Prattsville la aprè ouragan. Nouvo pon an pral yon gwo atou nan Vil Prattsville la ak yon antre pou Konte Greene la. Yon pi gran ouvèti ant kile pon an yo pral ede ekoulman lè kondisyon dlo elve yo epi anpeche dlo anvayi vil la. Ankò, mèsi Gouvènè Cuomo pou envestisman w ap fè nan enfrastrikti toupatou nan Eta New York la epi pi patikilye nan Konte Greene lan. Nou ap atann jan de pwojè sa yo ak pi plis ankò."

Sipèvizè Vil Prattsville la, Kory O'Hara te di, "Pwojè sa yo montre kijan Gouvènè Cuomo respekte pwomès li te fè depi premye jou Ouragan Irene lan lè li ap konstwi kominote yo pou yo retounen vin pi solid; sa se tout premye priyorite l. Prattsville aplodi Gouvènè a ak Komisè Driscoll pou pwojè pon sa yo."

Sipèvizè Lexington lan John Berger te di, "Lexington kontan pou nou wè eta ap fè envestisman nan enfrastrikti lokal nou yo. Nou rekonèt pon ak wout sa yo esansyèl pou sekirite ak aksesibilite rezidan lokal, pwopriyètè ki gen yon dezyèm kay la ak touris k ap vizite tèt mòn ki nan kominote nou yo."

Pwogram Empire Bridge la, ki jere pa Depatman Transpò Eta New York la, ap ranplase 100 estrikti ansyen, atravè eta a. Nouvo pon yo ap pi rezistan epi reziste kont inondasyon pi byen.

Finisyon pwogram Empire Bridge la ap bay rezidan kominote atravè Eta a pon ki pi solid e pi rezitan, epi redwi chans pou reta ak detou nan deplasman sou otowout la pandan gwo lapli ak inondasyon. L ap asire aksè kontini pou sèvis pou sove lavi enpòtan yo nan ka gen yon ijans.

Otomobilis yo dwe pran prekosyon lè yo ap vwayaje nan zòn travay yo epi yo ap raple yo kontravasyon pou vitès eksè yo ap double nan zòn travay yo. Konfòmeman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay yo (Work Zone Safety Act), kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite www.511NY.org, oswa sit mobil nou an nan m.511ny.org.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOT. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT. Pou resevwa twit ki soti nan DOT Eta New York Rejyon 1 (ki kouvri Rejyon Kapital la), suiv @NYSDOTAlbany.

###